



# EGZIJANS POU POUVWA TRANZISYON AN



#noupapdòmi

**KONTNI**

<b>KONTÈKS</b>	<b>3</b>
<b>MISYON TRANZISYON AN</b>	<b>5</b>
<b>TRANZISYON RIPTI A (KOUPE FACHE)</b>	<b>4</b>
<b>DEFINISYON AK KARAKTERISTIK TRANZISYON 4R LA</b>	<b>6</b>
<b>RIPTI</b>	<b>6</b>
<b>REDRÈSMAN</b>	<b>6</b>
<b>REYORYANTASYON</b>	<b>7</b>
<b>RIGÈ</b>	<b>7</b>
<b>MISYON GOUVÈNMAN TRANZISYON 4R LA</b>	<b>8</b>
<b>KRITÈ POU YON MOUN FÈ PATI TRANZISYON 4 R LA</b>	<b>12</b>



## KONTÈKS

Sosyete a nan yon sityasyon malouk, sa lakòz tout sitwayen ki gen atachman avèk tè sa a gen gwo kè sote pou avni peyi a. Sosyete nou an ap benyen nan yon kriz san parèy depi pase de (2) syèk. Sityasyon tèt chaje sa a pa kòmanse kounye a, li la depi nan fondasyon nasyon an. Nou Pap Dòmi kwè, batay pou pran yon lòt wout pou peyi a dwe konsidere tout paramèt istorik, politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo. Bout tè sa a ak tout pitit li yo viv anpil gwo moman istorik deja. Nou sòti anba kolonizasyon ak lesklavaj, nou rive pouse do solda meriken nan lane 1934, nou rive kwape diktati divalyeris, men sa pa anpeche peyi a toujou pa granmoun tèt li epi trouve l nan yon labirent gwo pwoblèm nou pa janm rive kwape, tankou pwoblèm enjistis sosyal, inegalite sosyal, enpinite, lamizè, chomaj, malsite, ensekrite, koripsyon, elatriye. Sa vin lakòz kriz konjonktirèl la ak yon seri lòt pwoblèm estriktirèl rann sityasyon n ap viv jounen jodi a pi mangonmen.

### PETROTCHYALENDJ LAN AK NOUPAPDÒMI

6, 7 ak 8 jiyè 2018 la, mas popilè yo frape pye yo atè pou montre kijan yo bouke ak fason otorite Leta yo ap jere peyi a tankou pirat. Otorite nan twa (3) pouvwa Leta yo pèdi kontwòl li nèt, yo fayi devan responsabite yo. Otorite politik sa yo pase fonksyon enstitisyonèl yo anba pye, fonksyon yo vin pèdi sans ak siyifikasyon yo nan lavi chak jou popilasyon an. Yo pa respekte konstitisyon an, yo pa konsidere popilasyon an kòm moun ki merite repons, yo meprize tout revandikasyon popilè kont koripsyon ak enpinite, epi enjistis sosyal.

14 dawout 2018, yon mobilizasyon san parèy te tanmen sou rezo sosyal yo pou mande: **kote lajan Petrocaribe a pase?** Se konsa, sou dosye lajan sa a, yon kokenn chenn mouvman pwotestasyon deklannche nan tout rakwen nan peyi an tankou nan lòt peyi pou egzije limyè fèt sou fason lajan sa a depanse. Depi prèske yon lane, yon pil ak yon pakèt sitwayen rasanble fòs ak detèminasyon yo pou kreye yon gwo mouvman ki charye kòz batay kont koripsyon an. Anpil nan sitwayen, fanm kou gason sa yo, pote non **Petrochallengers**. Se nan gwo mouvans sa yon regwoupman sitwayen, fanm kou gason, ki pote non **Nou Pap Dòmi** ta pral parèt sou teren an, pou estriktire epi ranfòse gwo batay sa a. San pran souf, yo pa janm sispann, bò kote tout popilasyon an, egzije sou tout tribin medya tankou sou beton an pou enstitisyon lajistis yo degaje yo chèche konnen kouman ak kiyès moun ki patisipe nan gagote lajan koperasyon Petwo Karibe Ayiti resevwa nan men peyi Venezuela soti nan lane 2006 jous lane 2016.

Après 10 mwa batay, sou presyon popilè ak vijilans gwo mouvman sitwayen sa a, Koudèkont te oblije travay pou pibliye de (2) rapò odit sou jesyon lajan Petwo Karibe a. De (2) rapò sa yo rive demaske pi gwo eskandal finansye (vòl ak gaspiyaj) ki janm fèt nan tout listwa peyi Dayiti. Travay Koudèkont lan poko fini, yo odite 75% fon Petwo Karibe yo, rete 25% yo poko di anyen sou li. Anplis, yo poko rann okenn arè debè jan sa di nan atribisyon yo dapre dekrè 23 novanm 2005 lan. Nan de (2) rapò sa yo, nou jwenn non aktyèl prezidan peyi a, sitwayen Jovenel Moise, site nan zafè koripsyon, nan fason li resevwa epi siyen kontra ak Leta. Nan menm moman sa yo, nou jwenn sityasyon sosyal ak ekonomik popilasyon an k ap vin pi mal chak jou pi plis. Se pou sa anpil moun oblije ap poze tèt yo kesyon: kijan fè plis pase 4 milya dola ameriken pase nan ekonomi an, san konte lajan resèt piblik yo, epi pa gen okenn chanjman nan kondisyon lavi moun k ap viv anndan peyi a? Se konsa popilasyon an vin konprann fwa sa a mòd jesyon lajan peyi a, mete ak mòd politik piblik yo pa marande ak bezwen reyèl li yo; anplis, li konstate kijan koripsyon ak enpinite se gaz ak lwil nan motè malsite pou kategori ki pòv nan peyi a. Popilasyon an tonbe nan poze tèt li kesyon tankou: kouman fè privilèj, salè ak avantaj depite, senatè, prezidan li vote yo ap pete plafon pandan zafè pa l pa janm ka regle? Se sityasyon mangonmen sa a ki bay gwo leve kanpe popilè kote fanm kou gason anndan peyi a oblije pran lari pou egzije prese prese demisyon prezidan an pou li al jije nan tribinal pou koripsyon.

## NESESITE TRANZISYON AN

De (2) rapò ki pibliye 31 janvye ak 31 mas 2019 yo reprezante 75% pwojè Koudèkont rive fè odit nan kad lajan Petwo Karibe. Rapò odit yo pa senpman lonje dwèt sou Prezidan Repiblik la, yo lonje dwèt tou sou yon latrize lòt otorite ki te nan pouvwa Leta yo ayè kou jodi a. Plis, yon bann ak yon pakèt antrepriz prive ayisyen kou etranje mele nan odit Koudèkont la. Rapò sa yo devwale aklè yon latrize pratik, mannèv ak pakèt konbin koripsyon majorite popilasyon an te deja sispèk ki egziste nan espas pouvwa yo san yo potko jwenn bon jan prèv. Jounen jodi a, li parèt nesèsè pou lajistis tabli epi sanksyone san paspouki tout responsab ak tout moun ki koupab oswa konplis zak koripsyon (kowonpi - koriptè) ak deriv sa yo nan Leta a. Se rezon sa ki fè li endispansab pou sitwayen ki nan tèt peyi a remèt demisyon li pou li pa jennen travay lajistis; epitou pou li prepare defans li san li pa itilize mwayen ak resous Leta mete nan men li kòm chèf Leta. Si demisyon chèf Leta a endispansab pou pwosè kont gagòt lajan Petwo a fèt san brigandaj, chanjman sitiyoasyon malouk peyi a li menm pa kab rezime ak sèlman chanjman prezidan an. Sosyete a rive nan yon kafou jounen jodi a kote li oblije pran gwo dispozisyon pou redrese tèt li. Kafou difisil sa a mete li nan obligasyon pou l poze pwoblèm enstitisyonèl peyi a ak tout move pratik politik yo nan moman istorik patikilye sa a.

Nan sans sa a, Nou Pap Dòmi pwopoze yon plan ripti ki pou fè nou kòmanse koupe fache ak dezòd jeneralize ki gen nan aparèy Leta a, pou kwape koripsyon ak enpinite k ap layite kò yo nan sosyete a, epi pou frennen gaspiyaj resous Leta yo ak tout fòm ensekirite popilasyon an ap sibi nan fòse Leta ba li sèvis minimòm (bazik) yo.

## PWOSSES FOMILASYON EGZIJANS YO

Nou Pap Dòmi te reyalize yon ankèt sou entènèt la nan mwa mas 2019 la. Nan kad ankèt sa a, 85% moun nou te konsilte di nou dwe pwopoze pwòp wout pa nou pou chavire jan politik fèt nan peyi a. Sa vle di, nouvo pwosesis tranzisyon an pa dwe chita sou konstitisyon an ni sou okenn enstitisyon ki deja tabli. Se yon nouvo pèspektiv, yon nouvo pwojè ki dwe sòti nan konsansis ak tout fòs viv nasyon an.

Nou ranmase done ankèt sa a, ki se espresyon politik anpil sitwayen, pou nou eseye ofri sosyete a kèk refleksyon pou kadre tranzisyon an nan optik pou li pa denatire batay popilè a ki se yon batay kont koripsyon, kont enpinite ki pou debouche sou jistis sosyal. Pou sa nou entegre de (2) dimansyon nan dokiman nou an:

- Yon dimansyon gouvènans ki defini fondman ak misyon pouvwa Tranzisyon an, ki chita sou 4R - Ripti, Redrèsman, Reyoryantasyon ak Rigè
- Yon dimansyon vijilans pou defini modalite pou popilasyon an gen kontwòl pouvwa Tranzisyon an, pou evite tout veleyite ak tantativ devyasyon vrè misyon tranzisyon an.

## MISYON TRANZISYON AN

### *Tranzisyon Ripti a (koupe fache)*

Nan lide pou konstwi yon altènativ apre demisyon prezidan an, epi profite moman sa a pou enstale yon tranzisyon ki chita sou 4 R - **Ripti, Redrèsman, Reyoryantasyon ak Rigè** - Nou Pap Dòmì pwopoze kèk ekzijans pou rekanpe yon lòt seri kalte pratik politik ak ekonomik k ap pèmèt nou redrese enstitisyon peyi a, pou yo ranpli misyon repibliken yo kòm sadwa. Transparans dwe vin yon zouti pou dirije enstitisyon yo, sitou nan reyalizasyon bon jan eleksyon souverèn. Tranzisyon 4R la dwe pèmèt nou mete kanpe yon gouvènman lejitim k ap avanse ak ripti total la ki dwe kontinye simante apre pwosesis sa a.

Nan sans sa a, li nesèsè pou nou konsidere rapidman kèk eleman nan kontèks jeneral la pou jistifye responsablite tout ayisyen genyen pou egzije bon jan aksyon pou chanje sitiyasyon malouk n ap viv la, epi kore ansanm gran prensip ki detèmine pwopozisyon sa a. Konsiderasyon sa yo separe an twa (3) gwoup: koripsyon, enpinite ak enjistis sosyal. Pou nou, se twa (3) pwoblèm fondamantal sosyete a jounen jodi a. An menm tan, yo se chantye batay nou nan kolektif Nou Pap Dòmì:

### **Koripsyon**

- Lè nou konstate koripsyon se yon pratik ki chita kò li nan tout konpatiman sosyete a, nan twa pouvwa yo, an patikilye nan pouvwa jidisyè a;
- Lè nou konstate odit Koudèkont lan montre ak lè pratik koripsyon yo jeneralize epi y ap gangrennen administrasyon Leta a nan konplisite ak antreprenè prive ;

### **Enpinite**

- Lè nou konstate revandikasyon tout sosyete a se pou limyè fèt sou itilizasyon kòb Petwo Karibe a;
- Lè nou konstate pwosè Petwo Karibe a se yon obligasyon pou kase tout bon vre chenn enpinite ki kòmanse depi nan fondasyon nasyon an;
- Lè nou konstate se presyon lari a ki fòse Koudèkont fè travay verifikasyon ak evalyasyon depans Leta;
- Lè nou konstate nou gen yon sistèm jistis paspouki epi ki pa janm enterese mennen ankèt pou akonpaye sosyete a ni pou sitwayen yo jwenn jistis;
- Lè nou konstate kòman otorite nan Leta yo, tankou: polisye, palmantè, delege depatmantal, direktè jeneral, asosye yo ak gang pou simen laterè nan lavi popilasyon an;

### **Enjistis sosyal**

- Lè nou konstate sitiyasyon mizè, apovrisman ak malsite popilasyon an ap viv chak jou, malgre l ap travay di, kondisyon lavi li ap degrade pi plis;
- Lè nou konstate dirijan politik yo ap simen konfizyon ant konstitisyon 1987 la ak konstitisyon amande a pou yo ka vyole lalwa jan yo vle, kote yo aplike li pa mòso pou retire tout pouvwa nan men sitwayen yo, sòf al vote pou mete dirijan sou pouvwa a; pandan dirijan sa yo menm gen pouvwa pou miltipliye privilèj ak avantaj pou pwòp tèt yo san obligasyon rezilta pou moun ki te vote yo;
- Lè nou konstate absans patisipasyon popilè, an patikilye fanm yo, nan espas desizyon ak evalyasyon desizyon peyi a;
- Lè nou konstate tout gwo mouvman leve kanpe popilasyon an k ap reziste anba yon rejim politik ki pa fè anyen pou amelyore kondisyon lavi li;

## NOU MENM SITWAYEN KI REYINI NAN KOLEKTIF NOU PAP DÒMI, APRE NOU FIN KONSILTE PLIS PASE 6 700 MOUN SOU ENTÈNÈT LA, APRE NOU FIN TANDE PLIZYÈ SEKTÈ NAN LAVI NASYONAL LA, NOU EGZIJE:

Mete an plas yon tranzisyon 4R. L ap gen ladann yon gouvènman k ap la pou koupe fache (**RIPTI**) ak tout pratik politik ak ekonomik antipèp, antidemokratik ak antirepiblikan rejim pase yo; pou mennen redrèsman enstitisyon piblik yo (**REDRÈSMAN**), pou reyoryante ekonomi peyi a (**REYORYANTASYON**), pou mete disiplin nan jesyon ak depans Leta (**RIGÈ**). Tranzisyon sa a dwe yon pouvwa eksepsyonèl nan fondman li, nan misyon li, nan oryantasyon li, ak nan konpozisyon li. Se ayisyen antre yo nan tout nivo kit se òganizasyon oubyen pati politik ki dwe jwenn konsansis nesèsè pou detèmine dire manda tranzisyon an.

## DEFINISYON AK KARAKTERISTIK TRANZISYON 4R LA

### R1 RIPTI

Lè nou gen yon Leta k ap simen enjistis sosyal nan mare sosis ak gwo fòs ekonomik, politik nasyonal kou entènasyonal, rive tabli yon politik ripti vle di kareman anklannche yon demach koupe fache ak mak fabrik desizyon politik antipèp, antidemokratik ak antirepiblikan, epi mete sou kote tout lojik enjerans ak dikta.

Tranzisyon 4R la dwe gen ladann yon gouvènman ki vin koupe fache ak tout move pratik ak desizyon antipèp, antidemokratik ak antirepiblikan ki nan fondman administrasyon piblik la, patikilyèman koripsyon, enpinite, enkonpetans, diskriminasyon, inefikasite, piyaj, gaspiyaj, elatriye.

### R2 REDRÈSMAN

Aprè 29 lane diktati, peyi Dayiti te antre nan yon tranzisyon nou te kwè ki demokratik. Pou anpil nan nou, depi nou rive fè eleksyon, peyi a demokratik. Men 30 lane aprè, nou pase plizyè gouvènman tranzisyon. Chak fwa nou tonbe nan peryòd sa yo, nou pa janm pran tan nesèsè pou nou konprann ki kote echèk pouvwa a ak manda demokratik yo soti. Nou toujou kouri nan fè tranzisyon pou òganize eleksyon pou nouvo dirijan, san nou pa tabli sou yon ajenda ki pi laj, ki gen baliz pou anpeche deriv yo repete epi ki chita anndan yon estrateji pou konstwi byennèt. Demach sa a pa ko janm pote fwi, tranzisyon an pa janm rive fèt vre, sa vle di dyagnostik pwoblèm konjontirèl, estriktirèl, ak istorik ki alabaz vid enstitisyonèl sa yo pa fèt kòmsadwa. Nou dwe konsidere ansanm faktè ki lage nou nan tranzisyon yo, si nou pa vle repete menm bagay yo, epi kreye espas pou moun al jwi vid la epi pwofite pou tèt yo ak fanmi yo.

Jodi a tranzisyon n ap pale a dwe patisipe nan **reoryante sosyete a**, mennen redrèsman administrasyon piblik la a epi mete **valè demokratik** ak **repiblikan** nan entitisyon nou yo, nan atake pwoblèm yon seri enstitisyon tankou: Koudèkont, ULCC, UCREF, Lajistis, Lapolis, KEP, Sistèm edikasyon an ak kèk lòt anvan menm nou tonbe nan eleksyon. L ap gen pou tabli **endepandans lajistis** la tout bon.

Tranzisyon sa a sipoze repanse sistèm elektoral la ak KEP a. Li dwe fè yon bale wouze nan remanbre tout enfrastrikti elektoral la nan tout peyi a, soti nan idantifikasyon sitwayen yo, pase nan rann sistèm nan klè kou dlo kòk pou tout ayisyen pou rive nan reyalize eleksyon kòrèk, pou mete tout sitwayen an konfyans

L ap gen pou li pran desizyon epi mete mwayen an plas pou atake move kondisyon lavi sila yo ki nan lago kache ak malsite nan peyi a, sitou peyizan yo ak malere ki nan katye popilè yo. Yon mezi konsa ap anpeche miltiplikasyon pa pil pa pakèt rezo gang yo nan katye popilè yo, l ap redui posiblite pou politisyen tradisyonèl ak lòt moun malentansyone itilize jèn nan katye popilè yo nan fè yo kenbe zam pou yo. Ki fè, gouvènman tranzisyon an dwe kwape tout fòm banditis sou tout teritwa a.

Gouvènman Tranzisyon sa a dwe fè yon envantè sou ansanm refòm ki fèt deja nan sistèm edikatif la. Konsa li ta rive tabli yon pwogram refòm inifye pou mete baz pou refòm sistèm edikasyon nan peyi a tout bon. Li dwe devlope yon kat eskolè ki va pèmèt tout timoun jwenn lekòl piblik pou yo ale nan zòn yo. Nan sans sa a, edikasyon dwe piblik pou tout timoun ak inivèsitè. Lekòl dwe fòm sitwayen konsekan, ki gen etik, ki gen sans responsablite pou peyi li.

Nan lide pou tabli **jistis sosyal** kòm oryantasyon tout aksyon Leta ap poze nan sosyete a nan tout domèn ak sektè, gouvènman (pouvwa) tranzisyon an dwe kestyone Konstitisyon an, kreye plis espas patisipatif pou **demokrasi ak patisipasyon popilè** tout bon (referandòm konsiltatif, desizyonèl, revokatwa), yon manyè pou Leta ka chita sou lalwa tout bon vre. Gouvènman (Pouvwa) Tranzisyon an dwe pran tout mezi pou asire parite nan prezans fanm ak jèn yo nan espas kote y ap pran desizyon ak nan administrasyon piblik la san yo pa viktim diskriminasyon oswa vyolans.

### R3 REYORYANTASYON

Nou kwè gouvènman (Pouvwa) k ap vini nan tranzisyon an dwe defini klèman ak anpil entelijans nouvo oryantasyon ekonomik peyi a ap pran pou remanbre diferan chantye ekonomik yo: prensipalman agrikilti peyizan yo, finansman ak ankourajman devlopman nouvo filyè ekonomik, akonpayman nan aksesibilite epi nan disponibilite kredi pou kategori jèn pwofesyonèl ak jenn diplome yo. Leta dwe redefini wòl ak kontwòl li sou lòt monè k ap sikile nan ekonomi an sitou nan jefò ki dwe fèt pou rekanpe eskap figi goud la ki dwe prensipal monè echanj nan ekonomi an. Se yon fason pou nou di, Leta dwe mennen yon travay sistematik pou rechapante ekonomi peyi a nan yon lojik kreyasyon ak redistribisyon richès. Li dwe founi byen ak sèvis pou reponn ak bezwen popilasyon an nan lide pou fasilite epanouyisman tout moun k ap viv ladann. Pou sa rive fèt, dwe gen yon batay san paspouki kont kontrebann, evazyon fiskal, monopòl. Dwe gen anilasyon ak entèdiksyon tout fòm franchiz pandan tout peryòd tranzisyon an ak tout briganday ki anpeche bon jan konpetisyon nan mitan aktè ekonomik yo. Sa ki anpeche sitwayen yo reyalize tèt yo, epi kreye opòtinite ak aktivite ki ka itil peyi yo nan respè lalwa. Pouvwa tranzisyon an dwe fasilite investisman lokal kou etranje, gwo kou piti, epi pèmèt kreye travay ki ofri yon salè ki pèmèt moun viv tankou moun. Li dwe inovè, bay posibilite pou ranfòse tout inisyativ piblik kou prive ki ka kreye anpil richès epi favorize pataj ak devlopman konpetans.

### R4 RIGÈ

Gen yon lese grennen ak yon libètinay sanbout nan fonksyon ak administrasyon piblik la, ki favorize koripsyon ak enpinite taye banda sou tout kalte fòm. Libètinay sa a vizib alafwa nan fason Leta depanse lajan san respekte okenn lwa ak pwosedi, jan li bay popilasyon an sèvis, jan dirijan politik yo mete ak retire moun nan administrasyon piblik la, ak nan inefikasite epi move pwogram ak aktivite y ap mennen. Pouvwa tranzisyon an dwe founi je sou pwoblèm espesifik sa a, yon fason pou nou ka jwenn resous pou Leta kapab sèvi sosyete a men tou kwape koripsyon epi rann jistis ak pati nan popilasyon an ki nan tout fòm ensekirite: chomaj, pwomiskuite, lojman, dlo, sante, elatriye. Leta dwe montre rigè, efikasite ak rasyonnalite nan tout desizyon, pwogram ak aktivite l ap mennen. Fòk priyorite investisman ak depans yo byen defini pou aksyon piblik la pa tounen zouti pwopagann okenn gwoup ak pèsonn.



## MISYON GOUVÈNMAN TRANZISYON 4R LA:

### GOUVÈNMAN RIPTI SA A AP GEN POU MANDA:

#### 1. Òganize sistèm jistis la pou li ka gen mwayen ak kapasite pou li reyalize Pwosè sou tout ka koripsyon ki fèt nan peyi a

Nan twa premye mwa yo, Gouvènman Tranzisyon an dwe pran tout mezi ki demontre aklè dosye Petwo Karibe a se yon priyorite nasyonal. Pouvwa tranzisyon an dwe pran tout dispozisyon pou Pwosè Petwo Karibe a fèt nan yon tan rezonab, nan respè pwosedi ki trase pou garanti efikasite ak kredibilite jistis lan. Pwosè a dwe fèt pou jije tout moun ki patisipe nan dilapidasyon lajan Petwo Karibe pou montre ke jistis gen pye sou politik lan.

#### Nan sans sa, Gouvènman Tranzisyon an dwe:

- Prepare kreyasyon yon tribinal espesyal ak yon pakè finansye ki konpetan pou jije tout ka koripsyon ak lòt krim finansye (blanchiman lajan, evazyon fiskal, elatriye) – konfòmman ak sa 88% moun nan ankèt nou te fè sou entènèt la mande. Tribinal sa a dwe gen majistra (Jij ak Paketye) ki konpetan nan krim finansye. Tribinal sa a ak Pakè Finansye sa a se yon lwa ki pou vote pou kreye li. Komisè sa a ta dwe gen posibilite pou li mete aksyon piblik an mouvman kont tout moun ki enplike nan zafè krim finansye;
- Pran tout mezi nesèsè pou li travay ak yon komite konsiltatif ki rasanble reprezantan òganizasyon, asosyasyon ak ekspè k ap travay nan zafè lit kont koripsyon ak lòt krim finansye. Komite sila a ap la pou pwopoze ak bay Gouvènman avi li sou mezi ki pou asire ke dosye Petwo Karibe a ap vanse kòm sadwa. L ap travay san Leta pa peye li yon goud;
- Bay tout mwayen nesèsè pou komite a ka travay libelibè an tout otonomi;

#### Komite sa a ap gen pou wòl :

- Voye je sou tout enstitisyon piblik kap batay kont koripsyon epi asire yo gen mwayen pou fè travay yo byen. Komite a ap veye moun kap dirije enstitisyon sa yo pa gen okenn konfli enterè, sispisyon koripsyon oswa zak kiminèl sou yo. Epi, veye pou evite diplikasyon ak entèferans nan misyon espesifik yo, men se sitou amonizasyon nan bon jan kolaborasyon enstitisyonèl ki dwe gide komite sa a;
- Fè pwopozisyon sou kijan pou rive mete sou pye yon tribinal espesyal ak yon pakè finansye epi endepandan pou garanti pwosè sou ka koripsyon ak krim finansye (blanchiman lajan, evazyon fiskal, elatriye) yo pou pèmèt kase ak pratik enpinite a. Komite an ap bay avi l sou pwopozisyon lwa kap gen pou kreye tribinal espesyal ak pakè finansye sa;
- Asire Jij yo, Pakè, Kabinè Enstriksyon jwenn bon jan fòmasyon ak espètiz nan zafè batay kont koripsyon, yon mwayen pou devlope konpetans yo sou kesyon sa yo;
- Rekòmande kreyasyon yon obsèvatwa ki rasanble ekspè nasyonal ak entènasyonal epi sitwayen angaje pou obsève dewoulman pwosè a;
- Verifye pwofil ak pakou pwofesyonèl chak jij dwayen tribinal la pral chwazi pou mete sou dosye Petwo Karibe a, verifye ke yo jwenn bon evalyasyon travay yo nan men CSPJ;
- Travay sou yon plan pou kreye yon anviwònman ki ankouraje denonsyasyon ka koripsyon. Travay pou abouti a vòt lwa sou pwoteksyon denonsyatè ak temwen zak koripsyon tankou lwa sou koripsyon 12 mas 2014 lan prevwa li. Sa ap yon siyal fò pou sansibilize ak ankouraje moun pou yo denonse ka koripsyon;
- Devlope zouti pou obsève ak ranmase enfòmasyon sou kijan koripsyon fèt nan Leta. Enfòmasyon sa yo ap sèvi pou mezire fenomèn koripsyon an, epi gade si politik penal gouvènman an reponn ak reyalite krim sila a;



- Asire li enstitisyon otonòm ki gen konpetans nan zafè koripsyon ULCC, UCREF, CNMP, elatriye mete tèt ansanm pou kouvri tout aspè teknik kesyon dilapidasyon lajan Petwo Karibe a. Nan sans sa rekòmande gouvènman tranzisyon an mete sou pye yon komite kòdinasyon nan zafè batay kont koripsyon. Komite sa dwe rasanble reprezantan enstitisyon otonòm yo ki gen konpetans pou konbat koripsyon. Misyon komite sa se pèmèt amonizasyon repons ak aksyon sou dosye Petwo Karibe a vanse pou pwosè yo ka fèt;
- Bay rapò piblik sou avansman dosye Petwo Karibe a ak avansman Pwosè yo nan Tribinal Espesyal chak twa (3) mwa.

Komite sa a ap gen 12 mwa renouvlab pou li ranpli wòl li.

## 2. Fè odit jeneral nan administrasyon piblik la, òganis otonòm yo ak antrepriz piblik yo, yon fason pou defini nouvo pwosedi pou fasilite randman ak efikasite nan sèvis y ap ofri, epi sitou pou kwape tout veleyite ak pratik koripsyon.

- Kòmanse yon pwosesis odit jeneral patikilyèman nan Administrasyon Palè Nasyonal, Palman ak Primati, DGI, APN, Ladwàn, AAN, BMPAD, FAES, ONA, OFATMA, CAES, EDH, Natcom, SONAPI / CONAM, elatriye. Ak tout direksyon depatmantal ki gen nan leta;
- Fè odit jesyon finansye ak mas salaryal Leta a;
- Fè odit rektora UEH la ak pwogram tankou PSUGO, PNCS, ak FNE;
- Ranfòse Koudèkont, ULCC, UCREF, BAF, Lajistis pou pèmèt odit jeneral sa a fèt yon fason pou enstitisyon sa yo kapab fè travay kontwòl yo jan lalwa di li.

## 3. Mete rigè, efikasite ak transparans nan depans Leta yo.

- Rigè, Efikasite ak Transparans dwe mak fabrik Gouvènman Tranzisyon an;
- Mete sou pye mekanis epi aplike yo pou bay peyi a yon bidjè patisipatif, transparan k ap chita desantralizasyon nan elaborasyon li, aplikasyon l ak règleman l. Mete yon pousantaj ki koresponn ak egzijans epi defi sante piblik, edikasyon, sekirite alimantè, lajistis ak anviwònman. Mete yon kòm premye pòs bidjè nan bidjè nasyonal la;
- Moralizasyon espas pouvwa piblik la ak rediksyon sou ansanm privilèj gwo fonksyonè ak ansyen gwo fonksyonè Leta yo;
- Egzije gwo fonksyonè yo fè deklarasyon patrimwàn yo nan transparans;
- Elimine tout depans initil (nouvo machin, frè vwayaj, dezyèm kay, per diem, fich gaz, nouvo biwo, elatriye) yon fason pou jwenn lajan pou investi nan sèvis sosyo bazik nan peyi a;
- Konbat an menm tan kontrebann, fwod ak trafik enflyans nan tout enstitisyon k ap bay Leta lajan tankou Ladwàn, DGI, OAVCT, Pò ak Ayewopò, elatriye. Pandan y ap ranfòse yo pou yo bay Leta plis kòb pou soutni investisman nan peyi;
- Diminye nan Lojistik ak nan pèsònèl anplwaye Leta nan lide pou nou jwenn plis efikasite ak rasyonnalite nan aksyon ak depans piblik yo, sitou nan pèsònèl diplomatik la pou ekonomize lajan epi refòme diplomasi peyi a pou yo sèvi enterè ak valè peyi a;
- Kontwole epi rann piblik sibvansyon leta ap bay yo;
- Retire sou do leta finansman kèk aktivite tankou Kanaval ak fèt chanpèt pou yo tounen aktivite ki òganize ak investiman prive oubyen patenarya piblik-prive;
- Travay ak transparans epi vilgarize desizyon ak aksyon Leta pou rasire popilasyon an.

## 4. Adrese ijans ekonomik ak sosyal yo:

- Reyalize dyagnostik ekonomik, finansye ak sosyal peyi a, epi vilgarize travay dyagnostik sa yo;
- Pwopoze yon plan ijans pou abòde pwoblèm grangou, ensekrite, ak chomaj;
- Rankontre gwo aktè entènasyonal yo pou defini epi amonize tout entèvansyon k ap fèt sou tout teritwa nasyonal la. Entèvansyon ak aksyon tout ONG yo dwe suiv ajennda politik piblik pouvwa tranzisyon an defini kòm priyorite li yo;
- Mobilize resous leta pou mete osèvis popilasyon an.

- 5. Kesyone Konstitisyon an yon fason pou pèmèt bon jan deba patisipatif sou veritab pwoblèm li poze. Konsa n ap kapab pran bon desizyon pou pèmèt bay peyi a yon Konstitisyon ki:**
- Favorize yon Leta ki chita sou dwa ak demokrasi patisipatif;
  - Defini mekanis enstitisyonèl pou tabli Jistis sosyal ak desantralizasyon;
  - Fasilite mekanis patisipasyon sitwayen sitou referandòm konsiltatif ak referandòm desizyonèl yo nan gwo desizyon k ap angaje avni peyi an;
  - Retire konpetans ak responsablite dechaj la nan men pouvwa lejislatif la;
  - Mete mezi kontwòl nan twa pouvwa yo pou redui privilèj ak posibilite pou yo bay tèt yo privilèj;
  - Garanti transparans nan fason Leta ap jere peyi a.
- 6. Fè yon envantè ak analiz plan devlopman ki egziste deja pou degaje yon plan pou reyoryante ekonomi peyi a. Plan sa dwe gen ladan l lide pou:**
- Devlope estrateji pou reoryante pwodiksyon nasyonal la nan sans enterè ekonomik peyi a ak avantaj konparatif li. Dwe gen yon plan pwodiksyon ki fikse priyote l pou ranplase kèk enpòtasyon;
  - Idantifye filyè ki pi nesèsè pou asire alimantasyon rapid rapid popilasyon an epi pran mezi pou pwoteje aktè ekonomik ki nan filyè sa yo kont gwo risk konkirans delwayal, kontrebann sou fontye yo, epi sitou kont tout tantativ gè bakteryolik kont pwodiksyon agrikòl nou yo. Li ijan pou ranfòse agrikilti nasyonal la epi pwoteje mache nasyonal la;
  - Ogmante kantite resèt leta nan elaji asyèt fiskal la, kontwole ladwàn pou rantre plis lajan, kontwole jan lajan soti nan kès leta;
  - Koupe privilèj pou antrepriz ki pa bay travay ni kontribiye nan ekonomi an, ogmante tarif dwanye sou yon seri pwodui, elatriye;
  - Aplike epi kontinye pwodwi plan pou amenaje tèritwa a epi idantifye pòl devlopman ak gran chantye yo pou pwojè Leta sispann fèt sou kout tèt epi inisye demach pou adrese kesyon kadas la, elatriye;
  - Repanse wòl agrikilti a nan ekonomi an, repanse estrateji ki gen pou wè ak agrikilti epi refòmè ministè lagrikilti nan misyon li, strikti li ak konpozisyon li.
- 7. Ranfòse «Enstiti Ayisyen Statistik ak Enfòmatrik (IHSI)» pou pèmèt li kontinye fè travay li tankou:**
- Resansman nasyonal la pou pèmèt gen bon jan done sou kantite moun k ap viv nan peyi a ak kondisyon lavi yo;
  - Kolekte bonjan done ki pral ede gouvènman yo pote pi bon politik sosyoekonomik pou kapab reponn ak bezwen popilasyon an kòm sadwa;
  - Kreye zouti ak platfòm senp pou sitwayen ka rive jwenn done ak enfòmasyon pi fasil sou peyi a.
- 8. Dekrete etadijans anviwònmanal:**
- Rann piblik tout zòn ki ekspoze a menas anviwònmanal yo epi travay sou plan delojman moun ki abite nan zòn sa yo;
  - Vilgarize epi aplike yon plan prevansyon risk ak dezast ansanm ak yon plan repons a dezast ki ranmase tout etid ak plan ki la deja yo;
  - Devlope epi aplike yon plan edikasyon anviwònmanal;
  - Striktire sèvis sivil ki dwe anglobe pa egzanp pwoteksyon sivil, sèvis ponpye;
  - Mete nan pwogram lekòl liv edikasyon sou anviwònman.
- 9. Asire parite nan reprezantasyon fanm yo (50%) nan tout espas kote y ap pran desizyon ak nan enstitisyon yo, epi poze baz pou adrese divès fòm diskriminasyon fanm ak jèn yo ap sibi.**

**10. Eleksyon:** Majorite moun ki patisipe nan ankèt nou te fè sou entènèt la di gen twòp lajan sal nan eleksyon. Eleksyon yo koute twòp kòb. Sant tabilasyon an se yon antrav. Epi eleksyon fèt twò souvan. Pou sa Gouvènman Tranzisyon an dwe:

- Monte yon sistèm pou fè eleksyon souveren, transparan, kote se peyi a k ap finanse eleksyon yo, pou popilasyon an kapab patisipe tout bon vre ak yon KEP tou nèf ki respekte transparans ak rasyonalizasyon;
- Refè enfrastrikti elektoral la ak nouvo egzijans pou Leta rekonèt yon pati politik;
- Revize epi redefini modalite moral ak etik nan sipò bidjetè leta ap mete disponib pou ranfòse pati politik yo;
- Finalize travay sou lwa elektoral la epi ouvri espas pou plis sitwayen an patikilye jèn moun yo ka kandida pou sèvi peyi yo.

### 11. Konstate palman an kadik

- Inefikasite ak move Pèfòmans palman nou gen la a pa koresponn ditou ak pil resous epi dividal privilèj li jwenn nan trezò piblik la. Latriye eskandal k ap plede repete nan enstitisyon sa fè li plis tounen yon menas pou demokrasi a olye li ta yon bon enstriman enstitisyonèl nan pilye pou tabli yon Leta ki chita sou dwa ak demokrasi. Se pa pou san rezon, nou jwenn 71% moun nan ankèt nou te fè sou entènèt la mande pou palman nou gen la pa egziste nan tranzisyon ki pou mete peyi a sou yon lòt ray.

### 12. Remanbre Lapolis

- Lanse pwosesis pou elimine koripsyon, enpinite, gang, politizasyon ak banditis nan PNH la. Demach sa a rantre nan lojik pou ranfòse enstitisyon an pou fasilite li rejwenn yon pi bon kolaborasyon ak popilasyon an. Sa ap rive reyalize nan pwosesis pwofesyonnalizasyon kò lapolis la. Pou sa tou, fòk enstitisyon an amelyore kondisyon travay polisye yo, epi amelyore sityasyon lavi yo, tankou nan fè yo benefisye akonpayman sosyal, sikolojik, elatriye. Konsa Lapolis ap ka fè travay li pou retabli sekirite sou teritwa nasyonal la.
- Angaje CSPJ ak PNH la nan yon pwosesis pou tabli sekirite sou teritwa a.
- Akòde yon atansyon patikilye ak inite ki okipe Pò ak Fwontyè yo.

### 13. Depolitize enstitisyon piblik yo

- Sistèm meritokratik la ki chita sou konpetans ak kalifikasyon dwe prensipal gid pou fasilite enstitisyon piblik yo rekrute nouvo anplwaye nan administrasyon ak fonksyon piblik la, fini ak kesyon referans politik la, fini ak zafè enfliyans politik la;
- Redefini pwogramasyon sèvis kominikasyon ak enfòmasyon Leta yo (tankou TNH, RNH), pou enstitisyon sa yo dwe ofri plis tan nan fòmasyon sitwayen yo, nan lwazi ak sansibilizasyon sou yon seri pwoblèm reyèl ki gen nan lavi sosyete a. Se yon fason pou medya ak medyòm piblik-Leta yo sispann ak lojik dividal pwopagann pasipala pou gouvènman yo;
- Asire chak minis gouvènman an prezante yon fèy de wout piblik ki baze sou rezilta. Ladann popilasyon an ap ka jwenn plan ministè an genyen pou dire tranzisyon an. Gwoup sosyete sivil la ka reyaji sou li epi l ap konnen tout chanjman ki ta vin fèt ladann;
- Mete estrikti ak prensip pou Ministè Kilti ak Kominikasyon pa tounen zouti politik ak patizan. Televizyon Nasyonal dwe edike popilasyon an, li pa dwe janm tounen yon zouti pwopagann; Ministè travo piblik, tankou tout lòt enstitisyon nan administrasyon piblik la, pa dwe travay sou baz zanmitay ak enfliyans. CAS ak FAES pa dwe detounen yo de misyon yo, elatriye.

## KRITÈ POU YON MOUN FÈ PATI TRANZISYON 4 R LA

Tout moun ki pral patisipe nan Gouvènman Tranzisyon sa a dwe de patriyòt onèt ki pral mete yo osèvis Repiblik la. Yo pral bay legzanp pou tout moun wè politik kapab fèt yon lòt jan nan peyi a, ak etik epi valè demokratik. Yo p ap jwi okenn iminite nan peryòd y ap asire fonksyon tranzitwa a, y ap fè deklarasyon patrimwàn yo nan transparans, y ap renonse ak privilèj ki pa nesèsè pou ede yo ranpli fonksyon yo a, pandan epi apre yo fin ranpli fonksyon tranzisyon sa a. Manm ki fè pati tranzisyon sa p ap ka patisipe nan eleksyon jeneral tranzisyon sa a ap gen pou òganize.

### MEN KI KALITE PÈSONALITE KI DWE FÈ PATI GOUVÈNMAN TRANZISYON 4R LA:

1. Pèsonalite sa a dwe gen yon angajman sitwayen oubyen yon angajman politik moun ka temwanyen, fòk li pa gen klamè piblik kont li.
2. Pèsonalite sa a dwe gen men l pwòp nan je sosyete a, sa vle di li pa dwe gen okenn dosye yo repwoche li, ni zak malonèt oubyen yon mankman etik k ap peze sou do li.
3. Pèsonalite sa a dwe pwouve atachman li ak teritwa peyi a, tankou kantite tan li pase ladann, (egzanp : peye taks regilyèman, pitit li al lekòl nan sistèm edikatif ayisyen an, elatriye).
4. Pèsonalite sa a dwe gen kalite, etik, konpetans ak kalifikasyon pou pòs la.
5. Pèsonalite sa a dwe gen yon kazye jidisyè ki pa konpwomèt moralite li ak kalite sitwayen onèt li, li pa dwe gen dosye koripsyon oswa kriminèl ki devan lajistis. Li pa dwe kosyone moun ki nan koripsyon oswa ki komèt zak kriminèl.
6. Pèsonalite sa a dwe aksepte siyen yon akò k ap fasilite demisyon li nan ka kote li ta vyole manda li genyen nan fèy dewout tranzisyon an, epi li p ap ka kandida nan pwochen eleksyon yo.
7. Pèsonalite sa a aksepte pou li pa kandida nan okenn pòs elektif nan eleksyon pouvwa tranzisyon an ap reyalize a,
8. Pèsonalite sa a ap pèdi otomatikman kalite otorite li nan pouvwa tranzisyon an nan ka kote yon ankèt oubyen enfòmasyon ki laverite ta revele li pa ta respekte kritè etik, moral, konpetans ak kalifikasyon yo , sa vle di li t ap tante twonpe vijilans popilasyon an.
9. Fòk li gen konesans administrasyon piblik la epi non l pa dwe site nan gaspiye resous leta ni trafik enfliyans.

## KI FÒM TRANZISYON AN DWE GENYEN

Nou Pap Dòmi pou yon tranzisyon ki genyen yon kabinè gouvènman ki pi piti posib. Lide sa a antre nan menm kad rasyonnalizasyon nan jesyon resous peyi a pou yon redistribisyon richès pi ekitab ki pran ankont sitiyasyon majorite popilasyon an k ap viv nan malsite. Nan sans sa a, nou pwopoze yon gouvènman ki soti nan yon laj konsansis ki chita sou prensip etik ak konpetans nou te di pi wo yo, ki gen ladann yon Prezidan, yon Premye Minis ak yon kabinè ministeryèl ki fèt ak 10 ministè jan 92% nan moun ki te patisipe nan ankèt nou an te mande sa. Nou dwe elimine zafè pòs direktè jeneral adjwen an, depi deja gen yon ministè pa dwe gen okenn sekretè deta pou menm chantye sa a, sof pou Ensèsyon Andikape yo a ak lòt kote bezwen an jistifye. Kantite konseye yo dwe trè limite, epi konpetans ak kalifikasyon konseye sa yo dwe piblik. Pou kolektivite teritoryal yo, fòk enstitisyon responsab yo fè odit



Jesyon yo, epi pou lajistis fè suivi legal yo si responsab yo nan gagòte lajan Leta. Nan ka manda yo fini, Gouvènman Tranzisyon an ap renome sa ki byen jere yo pa dekrè. Pou sila ki t ap mal jere yo, y ap ranplase yo ak moun konpetan epi onèt. Pouvwa tranzisyon sa a ap itilize manman lang peyi a pou rasanble tout sitwayen.

## YON ÒGÀN KONTWÒL

Youn nan pi gwo feblès tranzisyon yo, apre kesyon dyagnostik pwoblèm reyèl peyi a, se pwoblèm enstans ki pou kontwole aksyon egzekitif la. Nan refleksyon nou nan Nou Pap Dòmi, nou kwè nou pa dwe retonbe nan pyèj sa a. Se nan lide sa a nou kwè li plis pase enpòtan pou tranzisyon an gen yon mwayen pou pèmèt sitwayen yo kontwole aksyon Gouvènman tranzisyon sa a, epi veye pou nou pa retonbe nan sityasyon kote revandikasyon popilasyon an pase anba pye. Fòk gen yon ògàn kontwòl k ap gen pou misyon pou li veye si pouvwa tranzisyon an ap swiv misyon li. Li dwe asire li tout aksyon Gouvènman Tranzisyon an fèt nan transparans pou mete popilasyon an an konfyans. Enstans Kontwòl sa a ap gen yon manda k ap gen menm dire ak tranzisyon an. Leta Ayisyen ap finanse li epi l ap gen reprezantan ki soti nan tout sektè nan lavi nasyonal la. Li se yon zouti akonpayman pou popilasyon an ak kolektivite teritoryal yo. Moun k ap ladann yo dwe sòti nan gwoup òganize nan sosyete sivil la, yo dwe respekte lalwa, yo pa dwe genyen okenn dout koripsyon oswa zak kriminèl sou yo.

Pou Enstans kontwòl sa a kapab fè travay li ak efikasite epi san antrav, Gouvènman Tranzisyon an dwe vote (pibliye) nan twa (3) premye mwa yo yon tèks lwa ki pou bay aksè ak enfòmasyon ak dwa pou rann piblik enfòmasyon ki konsène sitwayen yo.

### **Li dwe gen nan misyon li yon dimansyon pou kontwole travay tranzisyon an ak yon dimansyon pou vilgarize enfòmasyon sou travay sa yo bay popilasyon an. Tankou:**

- Tabli kijan l ap estriktire tèt li pou li ka egzèse wòl kontwòl ak vilgarisasyon sa a ansanm ak entitisyon administrasyon piblik yo;
- Kontwole aksyon Gouvènman Tranzisyon an;
- Analize epi apwouve politik piblik Gouvènman Tranzisyon an pral aplike;
- Evalye epi kontwole kijan yo aplike politik piblik yo nan yon optik pou verifye efikasite yo, epi egziye pouvwa tranzisyon an pote amelyorasyon si nesesè;
- Evalye rezilta politik piblik yo;
- Jwe yon wòl vijil epi egzèse presyon pou fòse tranzisyon an vanse nan direksyon revandikasyon popilè yo si yo ta vle devye de li;
- Bay yon rapò chak twa mwa sou travay ki fèt ak sa ki gen pou fèt;
- Mete sou pye estrikti ak zouti pou sitwayen patisipe nan demokrasi a ak nan bidjè patisipatif la, vilgarize epi edike popilasyon an sou kijan pou yo itilize yo;
- Asire li bidjè peyi a desantralize, epi pran ankont bezwen reyèl popilasyon an; mete yon ajennda klè pou materyalize desantralizasyon;
- Asire li meri yo rive jwenn efektivman tout resèt leta ki pou li yo de dwa, yon fason pou yo envesti nan vil ak seksyon kominal yo;
- Kominike ak popilasyon an toutan nan rann seyans travay yo aksesib an dirèk epi pèmèt popilasyon an konsilte tout done sou travay ògan kontwòl la nenpòt ki lè;
- Moun ki nan ògàn kontwòl la p ap jwi okenn iminite epi li dwe ranpli menm kritè pèsonalite ki drekri anwo a.

## KONSIDERASYON ESPESYAL SOU ÒGÀN K AP BATAY KONT KORIPSYON

Plizyè enstitisyon gen misyon pou travay oubyen akonpaye lòt enstitisyon nan batay kont koripsyon. Enstitisyon sa yo se Koudèkont, Inite Lit Kont Koripsyon, Polis Jidisyè, Inite Santral Ransèyman Fnansye, Komisyon Nasyonal Mache Piblik, Enspeksyon Jeneral Finans, Kò Kontab Piblik, Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè ak Pakè yo. Ansanm enstitisyon k ap batay kont koripsyon yo fè fas ak yon seri pwoblèm tankou:

- Move enfliyans politik (nominasyon, trafik enfliyans, elatriye);
- Pwoblèm kalite moun ki nan tèt yo;
- Mank mwayen;
- Pwoblèm kòdinasyon nan mitan yo;
- Pwoblèm suivi ki pa rive fèt pou avansman pwosedi ki antame nan yon enstitisyon epi ki bloke nan yon lòt.

### Dispozisyon espesyal:

- Koripsyon se ènmi piblik #1; diferan politik piblik yo sipoze entegre eleman antikoripsyon ladan yo;
- Retire move enfliyans politik sou nominasyon ak travay diferan ògàn yo;
- Ajoute nan eleman kolaborasyon ak entènasyonal la: Lit kont koripsyon, fòmasyon sou koripsyon, echanj, elatriye;
- Aplikasyon pratik sou redevabilite;
- Senplifye pwosedi administratif nan administrasyon piblik la;
- Pwomouvwa yon jistis lib ak endepandan;
- Fè prevansyon, depistaj, sanksyon, eliminasyon zak koripsyon;
- Salè fonksyonè nan enstitisyon sa yo dwe desan, savledi salè yo dwe pèmèt yo viv tankou moun, yo dwe gen garanti yo pap pèdi travay yo pou tikrik tikrak;
- Amenaje kondisyon pou trètman jidisyè fèt nan pi bon delè;
- Krete oubyen remete kanpe yon ògàn kòdinasyon fonksyonèl ant diferan enstitisyon k ap goumen kont koripsyon.

**Nou Pap Dòmi se yon rasanbleman Ayisyen angaje k ap batay pou tabli yon Leta k ap osèvis popilasyon an, nan sans sa, n ap travay pou pèmèt sitwayen yo konn dwa yo ak devwa yo nan lavi politik, kiltirèl, sosyal ak ekonomik nan peyi a.**

**Nou Pap Dòmi angaje li pou ede n pran wout yon lòt kalite sosyete nan peyi a, yon sosyete san fòs kote ki ap chita sou jistis sosyal yon manyè pou tout pitit nanchon an ka viv nan libète ak byennèt.**

**Nou Pap Dòmi ap milite pou otorite yo rete sou chimen lalwa, respekte prensip demokratik yo ki garanti yon sosyete san fòs kote.**



**#noupapdòmi**